

KONNEN DWA OU GENYEN LÈ W ANFAS SÈVIS IMIGRASYON AK LADWÀN (IMMIGRATION AND CUSTOMS AND ENFORCEMENT, ICE)

Tout moun ki abite nan Konte Cook, san wete moun ki pa gen papye ak lòt moun ki pa sitwayen Ameriken, genyen dwa konstitisyonèl kèlkeswa estati imigrasyon yo. Enfòmasyon sa yo fèt pou ede w konprann dwa ou genyen lè w ap kominike avèk ajan imigrasyon oswa ajans ki deziyen pou ede Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn (ICE).

Si w deyò epi w panse ou wè ajan imigrasyon touprè a:

- Deplase ale andedan yon kote ou an sekirite.
- Si w se yon sitwayen Ameriken epi w santi w an sekirite pou w fè sa, anrejistre aktivite a avèk telefòn ou oswa ekri nenpòt enfòmasyon enpòtan konsènan sa w temwen an—TOUJOU fè atansyon pou pa jennen oswa anpeche operasyon an.
- PA:
 - Pibliye enfòmasyon ki pa verifye sou rezo sosyal yo.
 - Jennen ankèt la oswa mete tèt ou an danje.

Si yon ajan imigrasyon kontre avèk ou:

- Ou dwe rete kalm epi kite men ou yo kote ofisye oswa ajan an kapab wè yo.
- Ou gen dwa rete an silans epi ou pa oblije reponn okenn kesyon. Ou dwe di ajan imigrasyon an ou chwazi rete an silans.
- Ou pa oblije diskite sou estati imigrasyon ou oswa sitwayènte ou oswa peyi ou fèt la ak lapolis, ajan imigrasyon oswa nenpòt lòt ajan. Ou dwe egzèse dwa w pou w rete an silans si yo poze w kesyon.
- Si w gen nenpòt dokiman imigrasyon valab, tankou yon kat rezidan pèmanan, yon kat otorizasyon travay oswa yon sètifika natiralizasyon, ou ka montre yon ajan imigrasyon dokiman w yo si yo mande w li.
- Ajan an ka fouye w si yo panse ou gen yon zam sou ou.

Si imigrasyon oswa lòt ajan federal vin lakay ou:

- Pa ouvri pòt ou si ajan imigrasyon oswa lòt ajan federal vin lakay ou epi yo pa gen yon manda yon jij siyen. Anjeneral, ICE gen sèlman yon manda administratif, yon ajan ICE siyen men se pa yon jij ki siyen l. Ou pa oblije louvri pòt la si se yon manda administratif yo genyen.
- Si w pa sèten si moun nan se yon ajan imigrasyon oswa si l ap travay avèk ICE, ou ka mande ki ajans li reprezante epi espesyalman si li se ajan imigrasyon oswa si li travay avèk ICE.

- Si ajan yo di yo gen yon manda, ou dwe mande pou wè manda a anvan ou kite yo antre.
- Si se yon tribinal ki bay manda a epi se yon jij ki siyen li, ajan yo ka antre lakay ou san pèmasyon w. Si yon jij pa siyen dokiman an, ou pa oblije kite yo antre. Ou ka di: "Ou pa gen otorizasyon pou w antre."
- Si ajan yo fonse antre lakay ou, pa reziste. Ou ka di yo: "Ou pa gen otorizasyon pou w antre. Mwen pa bay dakò pou nou fè fouy. Mwen vle rete an silans. Mwen vle pale ak yon avoka san pran tan."
- Ou ka mande ajan yo poukisa yo la.
- Ou ka mande yon entèprèt si yo pa pale lang ou a.

Si yo arete w:

- Pa eseye fè rezistans lè y ap arete w la.
- Ou ka mande pou pale ak yon avoka.
- Ou ka mande pou pale ak yon entèprèt.
- Sonje byen, ou dwe egzèse dwa w pou w rete an silans epi ou pa oblije di anyen oswa reponn okenn kesyon anvan w pale ak yon avoka. Pa bay ajan an manti.
- Ou gen dwa pou w konsilte yon avoka imigrasyon anvan w pran nenpòt desizyon konsènan dosye w la oswa anvan w siyen nenpòt dokiman. Pèsòn pa ka fòse w pran yon desizyon final oswa siyen yon dokiman si w pa fin konprann li nèt.

Rapèl Enpòtan

- Memorize "Nimewo Anrejistremant Etranje" ou ("Nimewo A") si w gen youn.
- Si ou gen dokiman imigrasyon, toujou mache ak papyè imigrasyon ki valid yo sou ou.
- Pa mache ak dokiman peyi orijin ou, tankou paspò etranje ou oswa matrikil konsilè ou.
- Pa mache ak fo dokiman oswa dokiman ki fèt nan magouy epi pa janm bay yon ajan imigrasyon fo enfòmasyon oswa fo dokiman oswa dokiman ki fèt nan magouy.

Sèvis Imigrasyon Biwo Defansè Piblik Konte Cook

Sèvis Imigrasyon Biwo Defansè Piblik Konte Cook gen pou objektif pwoteje kliyan ki pa sitwayen yo kont depòtasyon. Divizyon travay ak defansè piblik adjwen k ap reprezante kliyan yo devan Tribinal Sikonskripsyon Konte Cook pou detèmine konsekans negatif ki ka genyen nan zafè imigrasyon ki soti nan dosye Konte Cook yo epi rekòmande lòt rezolisyon. Avoka nou yo reprezante moun ki pa sitwayen, tankou kliyan aktyèl ak ansyen kliyan defansè piblik la, devan Tribinal Imigrasyon.

Si ICE arete w oswa yon pwòch epi si w abite nan Konte Cook, kontakte Sèvis Imigrasyon Defansè Piblik la nan 312-603-0636 pandan lè liy dirèk la louvri: chak mèkredi soti 9 a.m. jiska 11 a.m. oswa voye yon imèl bay pdimmigrationunit@cookcountyil.gov.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Sèvis Imigrasyon an, ale sou paj wèb Resous Sèvis Imigrasyon nou an sou <https://www.cookcountypublicdefender.org/resources/immigration-division>.

Lòt Resous

Rezidan ki pa nan Konte Cook yo te arete nan distri Chicago ICE epi k ap chèche reprezantasyon legal ka rele Pwojè Detansyon Sant Nasyonal Jistis pou Imigran nan 773-672-6599 chak jedi soti 11è a.m. pou rive 2è p.m.

Si w obsève aktivite kontwòl imigrasyon oswa si w bezwen èd pou w jwenn yon moun yo te arete, ou ka rele Kominote Òganize kont Depòtasyon yo (Organized Communities Against Deportation, OCAD) [Liy Dirèk pou Sipò nan Ka Depòtasyon](tel:1-855-435-7693) nan 1-855-435-7693. Ou ka itilize menm nimewo sa a pou rele Kowalisyon Illinois pou Dwa Imigran ak Refijye (Illinois Coalition for Immigrant and Refugee Rights, ICIRR) [Liy Dirèk pou Sipò Fanmi](#).

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Divizyon Imigrasyon an, ale sou paj wèb Resous Divizyon Imigrasyon nou an sou <https://www.cookcountypublicdefender.org/resources/immigration-division>.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou resous Konte Cook pou imigran, ale sou paj wèb Resous Imigrasyon Konte Cook la sou <https://www.cookcountyil.gov/immigration>.

Èd pou Tout Moun Lapolis Lokal Arete nan Konte Cook

Defansè Piblik Konte Cook la jere yon Liy Dirèk pou Arestasyon tou, ki disponib 24 sou 24, 365 jou nan ane a. Si ou menm oswa yon moun ou konnen ki nan detansyon nan men fòs lòd yo, nan Chicago oswa nan nenpòt lòt minisipalite oswa vil nan Konte Cook, rele Liy Dirèk pou Arestasyon an nan 844-817-4448. Yon avoka nan Biwo Defansè Piblik Konte Cook la ap vin nan pòs polis la pou reprezante w gratis. Si lapolis lokal arete w, ou gen dwa pou w rete an silans. Ou dwe di, "Mwen p ap pale, mwen vle wè avoka m."